

## POU YON KESYON EVITE DANJE

Nouvo sèvis tren pou pasaje **Brightline** nan Sid Florid mete tèt ansanm ak Komisyon Lekòl Leta **Palm Beach County** pou yo met yon pwogram sou pye, se yon pwogram nasyonal pou pwoteje moun sou ray tren ki rele **Kanpay pou sove lavi moun sou ray tren an Florid (Florida Operation Lifesaver)**.

Pwogram sa a ap fè fòmasyon elèv sou enpòtans kesyon evite danje pre ray tren. Pou fè travay sa a n ap sèvi ak yon videyo edikasyonèl, ak yon feyè ki gen kèk done, yon pankat epi yon kat pou moun pran angajman. Pwogram sa a ap fè fòmasyon elèv sou enpòtans kesyon evite danje pre ray tren.

Pou fè travay sa a n ap sèvi ak yon videyo edikasyonèl, ak yon feyè ki gen kèk done, yon pankat epi yon kat pou moun pran angajman. N ap ankouraje w fè yon bon gade materyèl sa yo ak elèv ou yo epi peze sou ènpòtans evite danje sou ray tren depi lakay nou. Gen detwa ti konsèy ki kab menm itil ou tou!

Pa bliye:

**Lè w wè ray tren? Sonje tren an!**





## GADE

- Rete dèyè liy jòn ki sou platfòm nan estasyon tren yo
- Travèse sèlman kote ou wè yo fè pou w travèse
- Toujou gade tou de bò avan w travèse



## KOUTE

- Tren yo pa fè bri, ou dwe veyatif!
- Pa janm mete kone nan zòrèy ou lè pre ray tren
- Se pa tout tan tren yo klaksonnen
- Pa janm travèse ray tren lè ou wè yon tren ap vini



## RET AN VI

- Pa janm mache sou ray tren yo – Sa kont lalwa!
- Pa janm eseye kouri dèyè yon tren oubyen fè kous ak yon tren
- Pa janm mache sou ray tren ni monte bekàn pre ray tren

## TREN MACHE PI VIT EPI YO PARÈT PI LWEN PASE SA MOUN PANSE

*Akòz gwosè tren yo, yo parèt pi lwen pase sa moun panse epi yo sanble y ap kouri pi dousman pase jan y ap kouri vre. Sa kab pran yon kilomèt edmi oswa plis pase sa pou yon tren frennen an ka gen yon ijans.*

# FÒ W KONN SI YO AK SIYAL YO

	KOUMAN YO RELE L	KI SA LVLE DI	KÈK DONE ENTERESAN
	SIY POU AVÈTISMAN DAVANS	Avèti chofè gen ray tren ki travèse wout la pi devan	Raple chofè pou yo ralanti, pou yo gade epi pou koute si pa gen tren k ap vini
	PA GEN SIY KLAKSÒN TREN	Zòn sa a se yon zòn silans nòmalman tren an pap sonnen klaksonn li.	Enjenyè tren an kab toujou klaksonnen si ta gen yon ka ijans oubyen si gen travayè k ap travay pre ray yo
	SIY AN KWA KI FÈ KONNEN TREN TRAVÈSE WOUT SA A	Siy sa a fè w konnen pou w bay tren an dwad pasaj. Travèse ray yo kote w wè si an kwa sa a sèlman, pa al travèse nenpòt kote.	Se yon SÈL KOTE ki san danje pou w janbe ray yo
	SIY AVÈTISMAN DAVANS POU RI SEGONDÈ	Siy sa a avèti w gen yon ray tren ki travèse wout la kou w vire adwat oubyen a goch	Siy sa a la pou fè chofè a sonje pou li prepare l pou l kanpe si yon tren ap vini

## EVITE DANJE



## PA MACHE SOU RAY TRENAN.

Nan kad angajman nou pran pou ede moun evite danje, **Brightline** mete tèt ansanm ak Komisyon Lekol Letan nan Palm Beach County a ak **Florida Operation Lifesaver** pou yo sansibilize moun sou kesyon evite danje bò kot ray tren yo. Gras ak kolaborasyon pwogram Partners in Safety, Brightline vle mete pyeton, chofè, siklis nan pozisyon pou yo pran bon desizyon nan kote wout machin ak ray tren rankontre.



School District of Palm Beach County  
Office of Communications & Engagement  
3300 Forest Hill Blvd., C-100  
West Palm Beach, Florida 33406

NON-PROFIT ORG.  
US POSTAGE  
PAID  
WEST PALM BEACH, FL  
PERMIT NO. 3087